Казбек районалъул газета
# Чапар
Вестник

12+ № 33 (98938) 27 август 2021 с. /Рузман 18 МухIаррам 1443 с./ багъа - эркенаб redakciya-chapar@mail.ru

## Поздравляем!




***В России с 1492 г. по 1699 г. 1 сентября праздновали Новый год. Но, с 1700 г. Пётр I подписал Указ, в соответствии с которым Новый год было решено перенести на 1 января.***

***В СССР до середины 30-х годов XX века не было точной даты начала учебного года. Согласно постановлению Совнаркома от 14 августа 1930 года, «все дети в возрасте 8-10 лет должны были приняты в школу осенью».***

***Официально День знаний учреждён Верховным Советом СССР 1 сентября 1984 года. До того, как День знаний получил статус государственного праздника, он был учебным днём. Хотя и начинался этот день с торжественной линейки, затем проводились уже и обычные уроки.***

Уважаемые работники образования, дошкольных учреждений, учащиеся школ и родители!

Поздравляем вас с Днём знаний. Желаем всем вам крепкого здоровья, счастья, радости и успехов во всех ваших начинаниях и благих намерениях.

**Глава МР «Казбековский район» Г.Г. МУСАЕВ**
**Председатель Собрания депутатов Г.М. ГИРИСХАНОВ**

## Жеги тIибитIиялда хIинкъи букIиналъ...



Нилъеда лъала дагьал церегIан къояз коронавирус унти цIидасан тIибитIизе лъугьараблъи, гьелде дандечIеялъе нилъер районалда гьарурал ва гьарулел ругел ишал. Гьел ишазулъ жигараб гIахьаллъи гьабуна ва гьабулеб буго районалъул спорталъул комитеталъул, ОМВД ялъул хIалтIухъабаз, гIолилазул гIуцIабаз, волонтёраз ва гь. ц.

Гьедин, унти тIибитIунгутIиялда тIад гIезегIанго хIалтIи гьабуна спорткомиталъ. Гьелъул хIалтIухъабаз щибаб гIуцIиялде ва росабалъеги ун, гIадамазе бицунеб буго маскаби ххезе, жалго цIунизе ккеялъул хIакъалъулъ. Гьелдаго цадахъ гьез рикьулел руго унтиялде дандечIеялъул къагIидабазул бичIчIен кьолел кагъталгун маскаби.

21 августалда тIадехун рехсараб спорткомитеталъул хIалтIухъаби щвана Сулахъалъул кIкIалахъе. Гьаб заман буго гьенире туристал гурелги щолеллъи ва коронавирус тIибитIиялъе ресал гьединал бакIазда цIикIкIунеллъи. Гьеб кинабго хIисабалдеги босун, рехсараб гIуцIиялъул хIалтIухъабаз гьениб гIадамазе бицана жалго цIунизе ккеялъул, ва гьез гьенир ратаразе маскабигун бичIчIенкьеялъул кагътал кьуна.

**НИЖЕР МУХБИР**

## ЖамагIаталгун дандчIвана

Балъголъи гуро, районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаев, республикаялъул, районалъул администрациялъул ва цогидалги гIуцIабазул жавабиял хIалтIухъабигун цадахъ, районалъул росабалъе щолев ва гьезул жамагIаталгун дандчIвалев вукIин.

Умумузул аби буго: *«НусцIул рагIаралдаса цоцIул бихьараб лъикI»*,-ан.

Узухъда, гьеб районалъул бетIерасда лъикIго лъала, гьелъ, кIвахIтун, гьев гIемер щола росабалъе, дандчIвала жамагIаталгун, гьес лъазарула, тIоцебесеб иргаялда, кIвар буссинабизе кколел суалал ва гьел бетIералде рахъинариялда тIад хIалтIула.

Гьединал дандчIваязул цояллъун рукIана 2I августалда Ленинаул, Калининаул ва Алмахъ росабазул жамагIаталгун тIоритIарал дандчIваялги. Гьел дандчIваязда ХI. Мусаевасда цадахъ рукIана- республикаялъул Халкъияб Собраниялъул депутат М.-п. (К.-п.) Д. ГIумаханов, гьесул кумекчагIи: С. Алтумирзаев ва Р. ХIайбулаева.

Гьединго, гьел тадбиразда гIахьаллъана рехсарал росабазул бутIрул, учреждениябазегун организациябазе нухмалъулел, депутатал, гIолилазулгун рухIаниязул вакилзаби ва хараби.







Гьай-гьай, гьел дандчIваязда бицен ккана, районалъул цогидал росабалъго гIадин, гIейгьечIеб лъел, токалъул, газил, гIадамазе минаби разе ракь кьеялъул, социалиялгун спортивиял объектал раялъул ва гь.ц. кIвар цIикIкIарал суалазда тIасан.

Районалъул бетIерас, депутатас чIванкъотIарал жавабал кьуна тадбиразда раккарал цо-цо суалазе ва халкквеялде росана цогидал суалал. Гьез абуна нужер цо-цо суалазда тIад жал хIалтIулелги ругилан.

Гьедин, *«Алмахъалда школа баялъул суал дица республикаялъул бетIерасда цебе бахъун букIана ва гьеб хал гьабиялде босана»*,-ян абуна ХI. Мусаевас Алмахъ росдал жамагIатгун букIараб дандчIваялда.

ХI. Мусаевас ва М.-п.(К.-п.) ГIумахановас хал гьабуна рехсарал росабалъ ралел спорталъул объектазулги.

ТIоритIарал дандчIваяздаса хадуб, жамагIатаз, дандчIваял тIоритIаралъухъ, жидехъ гIинтIамуралъухъ ва гьабурабгун гьабулеб кумекалъухъ гьалбазе ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабуна.

**М. - Ш. ГIАБДУЛАШИМОВ**

*Гьаб номералда нужеца цIализе бегьула*

гьум. 2 РакIалдаса унарел къоял

гьум.3 Распоряжение

гьум.4 ТIолгороссиялъул халкъалъул хъвай – хъвай

22 август – Россиялъул байрахъалъул къо

# «Россиялъул байрахъ – нижер чIухIи» акция



Пачалихъиял байрамазде кIудияб кIвар кьола нилъер районалъе нухмалъулез. Гьезул цояблъун букIана, тIадехун рехсараб цIаралда гъоркь, 22 августалда тIобитIараб тадбирги. Районалъул бетIер XI.XI. Мусаевасул бихьизабиялда рекъон, Дагъистаналъул гIолилазул министерствоялъгун нилъер, спорткомитеталъ рахъ ккураб ва Сулахъалъул кIкIалахъ тIобитIараб гьеб тадбиралда гIахьаллъана- районалъул бетIерасул ишал тIуралев И. И. Шабазов, гIолилазул парламенталъул председатель, администрациялъул аппараталъе нухмалъулесул заместитель М.-А. XIамзатова, волонтёрал, гIуцIабазул xIалтIухъаби ва туристазул къокъа.

Гьеб тадбиралда кIалъазе рахъарал – И. И. Шабазовас, М.-А. XIамзатовалъ, М. Ибрагьимовас ва цогидазги гьениб бицана рехсараб байрамалъул тарихалъул, гьелъул пачалихъалъул халкъалъе, гIолеб гIелалъе патриотикияб, рухIиябгун гIаданлъиялъул хьвади-чIвадиялъул тарбия кьеялъулъ бугеб кIваралъул.

Тадбиралъул гIахьалчагIаз гьениб тIибитIун ккуна Дагъисталда бугеб бищун кIудияб Россиялъул байрахъ (600 кв.м.).



Россиялъул байрахъалъул къоялда цереги гьеб бугеб къоялъги, «Дудаса чIухIула, дир Россия», «Байрахъалъулъ - пачалихъалъул гIаламат», «Рагье Россиялъул байрахъ»,«Россиялъул лъабкьер», «Пачалихъалъул цIар- байрахъалъулъ», «Байрахъ - цолъиялъул гIаламат» ва цогидалги цIаразда гъоркь, районалъул культураялъул Централда, Гуниялъул, Гъозталаялъул, ИчкIаялъул, Алмахъалъул ва цогидалги культуриял рукъзазул xIалтIухъабаз тIоритIана батIи-батIиял тадбирал.

Гьенир гIахьаллъана лъималазул ахазул гьитIичал, цIалдохъаби, гIуцIабазулгун жамагIатазул вакилзаби ва гь.ц.

Акциялде гIахьаллъаразе кьуна Россиялъул байрахъалъул кьералъул лентаби, гьитIинал байрахъал, гьезда гьоркьор тIоритIана суратал рахъиялъулгун цогидал конкурсал.

Къокъгьабун абуни, культураялъул xIалтIухъабаз гIезегIанго xIалтIи гьабун бугоан байрам гIуцIиялда нухда тIобитIиялъе.

**М.-Ш. ГIАБДУЛАШИМОВ**

# 5000-ялде гIагарлъана




Нилъер районалда, тIадбан, унеб буго коронавирусалде данде вакцинация гьаби. ГIемерисезда гьоркьоб цIар тIибитIараблъун ккола «Спутник Лайт» вакцина, амма вакцинация гьабурал гIадамазул 4727-ясе гьеб гьабизе xIалтIизабун буго «Гам-Ковид-Вак» вакцина.

ТIоцебесеб иргаялда, вакцинация гьабизе тIадаблъун бихьизабун буго гIемерал гIадамалгун дандчIвалезе.

Специалистаз киналго axIулел руго вакцинация гьабизе, щайгурелъул, гьабсагIаталда коронавирусалде данде чIолеб цоги щибниги гьечIого.

**Нижер мухбир**

Ниж-терроризмалде данде

# РакIалдаса унарел къоял...

Дагьалъ чIахIиязда бихьунги гIолеб гIелалда рагIунги лъала 1999 соналъул август - сентябралда нилъер республикаялда букIараб ахIвал -хIал.

Лъалеб букIахъе, законалде данде ккоЛарел яргъид гIуцIарал халкъалдагьоркьосел гъачагъазул къокъаби, чачаназул республикаялдасанги рачIун, лъугьана ЦIумада (2 август), Болъихъ (6 август) ва ЦIияблак (5 сентябрь) районазул ракьазде.

Доб захIматаб заманалда республикаялъул Пачалихъияб Советалъ хасаб хIукму (№138 09.08. 1999 с.) гьабуна.

Гьеб хIукму къватIибе бахъилелде Болъихъ районалдаса, рукъ -яшавги рехун тун,гочун унел гIадамалги рихьун, районалъул бетIерасул нухмалъиялда, Дилим росулъа ополченцал 8 августалъул радал сагIат 6- гоялда Болъихъ росулъе щвана. Ниж балъхъадерил жамагIаталъ рохелгун къабул гьаруна. Ункъо сордо-къоялъ нижер яргъид гIуцIараб къокъаялъ цIунизе тIаде росана росдал кIвар цIикIкIарал бакIал ва росулъе лъугьунел нухал.

11 августалда федералиял къуватал тIаде щведал, нилъерго районалъул гIорхъода бугеб ахIвал-хIал лъикI гьечIолъи хIисабалдеги босун, ниж тIадруссана.

14 августалда, районалъул администрациялъул хIукмуялда рекъон, гIуцIана халкъияб ополчениялъул штаб ва гьелъул къокъаби, гьединго, 20 августалда рагъулаб комиссариаталда цебе коменданталъулаб рота. Дол къояз кумекалъе тIаде кьурал оборонаялъул ва жанисел ишазул министерствабазул аскаразул къокъабазул бутIабазда, ОМВДялъул хIалтIухъабазда ва коменданталъулаб ротаялда цадахъ, ополченцаз цIуниялде Чечняялъулгун гIорхъи босун букIана. Гьединго, гьез цIуниялде росун рукIана щибаб росулъ ругел кIвар цIикIкIарал объектал (лъималазул ахал, школал, больница, администрациябазулгун цогидал гIуцIабазул минаби ва гь.ц.).

Гьанир рехсечIого гIоларо гъачагъазде дандечIеялъе гьабулеб кинабниги хIалтIи гIуцIиялда иналъе жанисел ишазул отделалъе нухмалъулез бахъараб жигар, ва гьеб захIматаб заманалда гIадамал цолъизаризе районалъул бетIерасул букIараб пагьмугун гьунар. Гьединго, киналниги ишазулъ жигараб гIахьаллъи районалъулго руччабазги гьабуна. Киназдаго ракIалда букIана, жидерго гIумру кьунги, тушбаби церехун риччангутIизе. ДандечIей гьечIого, жал къабул гьаризе ругин гъачагъазул рукIарал хьулал ва росабазул имамзабигун къотIи гьабилин гьезул рукIарал анищал кIалагъоркье чIвана, ва гьезда бичIчIана, парадалда кинниги, нилъер росабалъе жал лъугьине гьечIеблъи.

Дол тунка-хIусиязул нугIазда лъала 24 августалде ЦIумада ва Болъихъ, 29 августалде Буйнахъск ва 16 сентябралде ЦIияблак районаздаса боевикал нахъе хъамураллъи.

Гьедин букIаниги, къасиги къадги нилъер гIолохъабаз чачаназулгун гIорхъи, хандакъахъги ч1ун, ц1унулеб бук1ана ва росабалъ ругел кIвар бугел объектал, щай абуни, жеги тушбаби районалде лъугьине бегьиялъул хIинкъи букIун.

Дол лъугьа-бахъиназдаса рикIкIадал, доб заманалъул хIакъикъат къватIибе бахъизе бокьуларел




гIадамал гьанже лъугьунел руго тIадехун рехсарабщинаб букIинчIеблъун бихьизабизе. Гьез абулел руго: *«Нужер районалда рагъ букIинчIогури, гьенире боевикал лъугьинчIогури ва гьезда релъълъарал цогидалги рагIаби.*

*Дица гьединазда абуна: «Гьа, битIараб буго, лъугьинчIо тушбаби нижер ракьалде, букIинчIо гьаниб рагъги,амма нижер херал, руччаби, лъимал, жалго ругеб бакIги тун, нахъе ине ккечIо. Гьедин ккеялъе гIиллалъун букIана гIорхъодаго нижер гIадамаз гIагараб ракьалда боевиказда хIеmIe лъезе тезе гьечIеблъи бичIчIинаби (гьезда гьеб бичIчIинабуна 3-4 нухалда гIорхъода ккарал тунка-хIусияз) ва жидеде данде чIезе таваккал букIин нижер гIадамаз бихьизаби»,-* ян. Узухъда, гьединаб жаваб гьел гIадамазул рекIее гIоларо, амма хIакъикъат буго хIакъикъат.

1999 соналъул август-сентябралда рукIарал лъугьа-бахъиназ тIолабго дунялалда бихьизабуна Россиялъул рагъухъабазул, Дагъистаналъул ополченцазул, жанисел ишазул отделазул хIалтIухъабазул ВатIан цIунизе бугеб таваккал, хIинкъигьечIолъи ва цолъи. Гьеб заманалда тIалъиялъ, рухIиял церехъабаз ва гIадамаз, цолъун, тушбабазде дандечIей гьабиялъ гьел нилъер ракьалде риччачIо.

Бандформированиял щущахъ риххизариялъулъ Дагъистаналъул ополченцаз лъураб бутIа хIисабалдеги босун, 2019 соналъул 2 августалда бахъараб Федералияб Законалда (№320-ФЗ) хиса-басиял гьарун руго. Гьеб законалда абулеб буго ополченцазе «Рагъул тунка-хIусиязул ветеран» статус кьеялъул хIакъалъулъ. Амма гьеб закон бахъаралдаса кIиго сон аниги, нилъер районалъул 4539 ополченцазда гьоркьоса ветераназул статус щваразда гьоркьов 24 чи гурони гьечIо. Гьезда гьоркьор руго: 4 РФялъул пачалихъиял шапакъатал щварал ва 20 чи судалъ хIукму гьабурал. Ополченцазул сияхIалъул хал гьабизе гIуцIараб республикаялъул хасаб комиссия хIалтIулеб буго гьеб мухIканаблъун гьабиялда тIад.

Бокьун буго, дол заманалъул лъугьа-бахъинал рукIаралдаса 22 сон тIубаялда хурхун, жанисел ишазул отделалъул хIалтIухъабазе, районалъул ополченцазе ва коменданталъулаб ротаялда рукIаразе гьаризе сахлъи, рохел, талихI, мурадал тIурай ва ракIазулъ бахIарчилъи цIунизе тавпикъ.

**И. САЛИМХАНОВ**

# РАСПОРЯЖЕНИЕ

17. 08. 2021 г. №385

**Об обеспечении общественной безопасности в период подготовки и проведения Дня знаний 1 сентября 2021 года и Единого дня голосования 17,18,19 сентября 2021 года.**

В целях надлежащего обеспечения правопорядка и безопасности, предупреждения преступлений и правонарушений при проведении торжественных мероприятий, посвященных ко «Дню знаний», а также проведения единого дня голосования 17,18,19 сентября 2021 года, в соответствии со статьей 4 Закона Республики Дагестан от 29.04.2013 года №27 «Об установлении дополнительных ограничений времени розничной продажи алкогольной продукции на территории Республики Дагестан»:

**1.Заместителю руководителя аппарата администрации МР «Казбековский район» (Гамзатовой М-А. М.):**

- разработать график дежурств ответственных работников аппарата администрации МР «Казбековский район» 1 сентября и 17,18, 19 сентября 2021 года.

**2. Рекомендовать начальнику ОМВД России по Казбековскому району (Халидов А.Г.):**

- усилить меры по обеспечению общественной безопасности и правопорядка в день проведения праздничных мероприятий, посвященных ко Дню знаний и в единый день голосования 17,18, 19 сентября 2021 года;
- принять дополнительные .меры по проведению обследования учреждений образования и прилегающих территорий в ходе подготовки проведения мероприятий, посвященных ко Дню знаний и в единый день голосования 17,18, 19 сентября 2021 года;
- запретить организациям, индивидуальным предпринимателям, осуществляющим розничную продажу алкогольной продукции осуществлять продажу алкогольной продукции 1 сентября 2021 года.
- принять меры по исключению несанкционированных, стихийных парковок автотранспорта в местах массового скопления людей и в непосредственной близости от учебных заведений;
- усилить контроль за соблюдением правил дорожного движения всеми участниками дорожного движения;
- провести контрольные проверки технического состояния школьных автобусов, их целевого использования, квалификационное соответствие водителей;
- провести проверку состояния антитеррористической защищенности и пожарно-техническое обследование места проведения голосования 17 по 19 сентября 2021 года и принять под круглосуточную охрану;
- обеспечить охрану общественного порядка и безопасности в помещениях, где будут проводиться голосование и на прилегающей территории 17 по 19 сентября 2021 года,
- принять упреждающие меры по обнаружению лиц, вынашивающих цели срыва выборов и дестабилизации обстановки в муниципальном районе;

**3. Начальнику управления образования (Магомаев М. И.):**

- принять меры по устранению нарушений, выявленных в ходе проверки состояния объектов образования рабочей группой при АТК МР в августе 2021 года;
- провести дополнительные проверки уязвимости объектов образования до начала учебного года и принять меры по устранению недостатков;

обеспечить круглосуточную охрану, упорядочить пропускной режим, исключающий свободный доступ на территорию образовательного учреждения посторонних лиц;

- совместно с ОМВД России по Казбековскому району и ОНД №10 МЧС России по РД провести инструктаж преподавательского состава с целью обнаружения и принятия мер при обнаружении подозрительных предметов на территории школ, детсадов и обеспечения пожарной безопасности;
- развесить, поэтажно, памятки по предотвращению террористических актов в образовательных учреждениях;
- провести в образовательных учреждениях уроки, посвященные проблемам противодействия идеологии экстремизма;
- организовать общие собрания школ с приглашением родителей и старшеклассников по разъяснению сути и пагубности экстремистских учений, их идеологии и межнационального согласия;
- организовать во всех школах района дежурства учителей с привлечением старшеклассников;
- создать доброжелательный, социально-психологический климат в учреждениях образования, основанный на личном примере директоров школ и учителей;
- пресекать любые проявления разжигания межнациональной розни;

**4. Рекомендовать главам администраций поселений:**

всячески содействовать органам правопорядка в реализации мер, направленных на обеспечение общественной безопасности в день проведения Дня знаний и в единый день голосования с 17 по 19 сентября 2021 года;

- обновить Памятки населению по предотвращению террористических актов в местах массового пребывания граждан;
- усилить контроль за ситуацией в населенных пунктах района в целях своевременного реагирования на возможные проявления экстремизма.

**5. Контроль исполнения настоящего постановления возложить на Нуцалова Б.С. - заместителя главы МР «Казбековский район».**

**И. о. главы муниципального района «Казбековский район»**
**И.И. ШАБАЗОВ**

---

ДАССРалъе – 100 сон

# ГIуцIарухъан

Районалъул тарих цIехолаго дида лъана арал 70 соназ жидеца район цебетIезабиялъе рухIалда барахщинчIеб хIалтIи гьабурал, ракIбацIцIадал, яхI –намус ва гIаданлъи цIунарал нухмалъулел ва гIемерал мухъилал хIалтIухъаби.



Гьаб макъалаялда дие бицен гьабизе бокьун буго гьезул цоявлъун кколев, Набигула ХIусейновасул хIакъалъулъ. Гьев гьавун вуго 1912 соналъ Хубар росулъ. ЗахIматалъул нух гьес байбихьула 1933 соналъ Хубар росдал сельисполкомалъул секретарасул хъулухъалдасан. 1934-1936 соназ гьес рагъулаб хъулухъ гьабула Дагъисталъул рекIаразул полкалда. Чода тIад гьунарал гьариялъулъ гьесде вахарав цониги рагъухъан полкалда вукIун гьечIо. Набигулаца бетIерлъи гьабулеб букIуна нусго чи вугеб рекIаразул къокъаялъе.

1936 соналъ, тохлъукье жинхъаго ккараб кьвагьиялъул хIасилалда, лъукъарав Набигула, лейтенантасул чиналда, рагъулаб хъулухъалдаса тархъан гьавула ва гьев районалъул ЦСУялде инженерлъун хIалтIизе лъугьуна.

1938 соналъ Набигула лъугьуна ВКП(б)ялъул мухъилъе. Сакъатлъи букIиналъ, гьев фронталде витIуларо. КIудияб ВатIанияб рагъул соназ, офицер хIисабалда, гьес истребительнияб батальоналъе нухмалъи гьабула.

1942 соналъ «ЦIантIа» магIарда гьеб батальоналъ гъачагъазухъа чачаназул рахъалде хъамун унеб букIараб гIиял рехъен. (3000 гIиялъажо) бахъула. Рагъул соназ Набигула РайПОялъул председательлъун хIалтIула. Гьес жиндаго бажарараб кумек фронтовиказул хъизабазеги гьабула. Набигулаца гьел кванил нигIматаздалъун хьезарулел рукIуна. МацI гьабун, гьев НКВДялъ жанив тIамула. Хадусан, мухъилал гIадамазул, партиялъулгун цогидал гIуцIабазул хитIабазда рекьон, Набигула къватIиве виччала ва партиялъул мухъилъа вахъуларо.

1945 соналъ, партшколалъул лъагIалил курсалги лъугIизарун, гьев Сталинаул (Ленинаул) росдал Ленинил цIаралда букIараб колхозалъул парткомалъул секретарьлъун тIамула.

1947-1954 соназ ВКП(б)ялъул райкомалъул отделалъе нухмалъулевлъунги гьевиго секретарьлъунги х1алт1ула.

1954-1958 соназ гьес райисполкомалъул председателасул заместительлъи гьабула, 1958-1962 соназ Набигулаца районалъул росдал магIишаталъул Управлениялъе нухмалъи гьабула. Управлениялъул начальниклъун хIалтIарав соназ Набигулаца районалъул экономика цебетIезабиялъулъ кIудияб бутIа лъала, гьес цIакъ кIвар кьолеб букIуна магIишатазул киналго бутIаби хайирадле рачиналде, учузал ва гьарзаял нигIматал гIезариялде. Гьел соназ районалда цIикIкIуна бекьулеб ракьул къадар, тIощалил бачIин, гIезаризе байбихьула бакъдебус, гибридалъулаб цIоросаролъ, горох ва гIемерсонилал хурдул.

1962-1969 соназ Набигула партиялъул райкомалъул инспекторлъун тIамула. Кинаб хъулухъалде тIамуниги, гьес живго вихьизавула ракIбацIцIадав, жавабчилъи цIикIкIарав нухмалъулевлъун, кидаго гьес тIалаб - агъаз гьабула цадахъ хIалтIулелгун мухъилал гIадамазул. Н. ХIусеновасул гIадат букIунаро хIалтIухъанасдехун гьаракь борхун кIалъалеб. Гьесул хIеренаб кIалъаялъ, гIакъилал малъахъваяз хIалтIухъаби ургъизе ва ккарал гъалатIал ритIизаризе тIамулел рукIуна .

Жиндехунгоги цадахъ хIалтIулездехунги Набигулал цIикIкIараб тIалабчилъи букIуна. Щибаб анкьида гьес тIоритIулел рукIуна хIалтIуда хурхарал дандельаби ва гьениб щивасда гьабураб хIалтIул хIисаб кьезабула.

Гьединаб тIалабчилъи букIиналъ тIадкъараб хIалтIи хIалтIухъабаз жавабчилъиялда тIубалебги букIуна.

1970 соналъ, Хубар росдал захIматчагIазул гьариялда рекъон, Набигула тасдикъ гьавула Хубар совхозалъул директорлъун ва хIалхьиялде инегIан гьенив хIалтIула.

Гьес нухмалъи гьабулеб заманалда гIезегIанго лъикIлъула росдал гIадамазул рукIа-рахъин, щулалъула совхозалъул экономика. ХIухьбахъиялде аниги (1972с.) Набигула хIалтIи гьечIого чIоларо. Гьес нухмалъи гьабула рохьил магIишаталъул профкомалъе.

Гемерал соназ халкъалъе гьабураб ракIбацIцIадаб хъулухъалъухъ Н.ХIусенов мустахIикълъана «Кавказ цIуниялъе гIоло», «1941-1945 соназ ВатIанияб рагъул заманалда захIматалъулъ бихьизабураб бахIарчилъиялъе г1оло», «ЗахIматалъул ветеран» медалазе, гIемерал ХIурматалъул грамотабазе ва цогидалги шапакъатазе. ХIалимав, гIадамал хирияв Набигула кIудияб хъизаналъул эменлъун вукIуна. Гьес гIезарула ва гIумрудул нухда тIоритIула щуго вас. Эменго гIадин, гьелги рукIана гIаданлъи, яхI-намус цIунарал ва гIадамазда гьоркьоб къадру-къимат бугел чагIилъун.

1999 соналъ Дагъистаналде законалде данде кколарел яргъидгIуцIарал лъугьараб заманалда, вацал ХIусеновазги ярагъ кодобе босула ва гьел район цIунулезул мухъилъе лъугьуа.

Цадахъ хIалтIаразул, тIолалго районалъул захIматчагIазул ракIазулъ Набигула хутIана лъикIав гIуцIарухъанлъун, кIвахIгьечIев нухмалъулевлъун, унго-унгояв районалъул патриотлъун ва гьайбатав инсанлъун.

**И. ИДРИСОВ.**
**Макъала хIадуриялъе хIалтIизабуна**
**М. Дадаевасул «Халкъалъул тIалабазда» абураб тIехь**

Дин ва гIумру

байбихьи цебесеб номералда

# КъурЪаналЪул хIикмат

Цоцалъ жубазе кIолареб кIиго ралъдал хIакъалъулъги суратул «РахIманалъул» анцIила ичIабилеб ва къоабилеб аятазда буго (магIна): *«Аллагьас кIиго батIияб ралъад цоцада цун хьвадизе биччана. Гьезда гьоркьоб нужеда бихьулареб, кIиябго цоцалъ жубазе гьукъулеб, пардавги гьабун буго»*,-ян.

Гьеб кIиябго ралъдал хасият буго цоцалъ жубазе бокьи, амма жубазе кIоларого букIин. Гьеб хIикматги океанологаз гьанже нахъа рагьана. Гьениб бугеб физикаялъулаб къуват сабаблъун, кIиябго ралъдада кIолеб гьечIо цоцалъ жубазе. «Поверхностное натяжение» абун цIарги кьун буго гьеб къуваталъе.

Адамидаса ва ХIавадаса гIадамал рижиялъул хIакъикъаталъул бицунаго, КъурЪаналда хъван буго (магIна): *«Ва, гьал гIадамал, напсалдаса нуж рижарав, руччабиги бихьиналги тIиритIизаризелъун гьесдасанго чIужугIаданги йижарав БетIергьанасдаса нуж хIинкъа»*, - ян.

1995 соналда «Times» журналалда хъван букIана: *«Ракьалда ругелщинал гIадамазул Y-хромосом абураб группаялъул хал гьабидал, Аризона университеталъул гIалимчи-генетик Мишель Хаммерица чIезабуна ракьалда ругелщинал бихьиназул эмен цо вукIин»*.

1988 соналда «Newsweek» журналалдаги хъван букIана: *«Дунялалда ругел руччабазул хал гьабуни, гьезул эбелалъул ДНК батIиял улбузул генал гьоркьоре журачIел, ай цо гIаданалъул руго»*, - ян.

ХIарщудаса инсан вижиялъул бицунаго, жакъасел гIалимзабаз чIванкъотIун, абула инсанасул чорхол тканазулъ къоло анлъго элемент бугин. Хал гьабидал гьезулъ углерод (С), водород(Н), кислород (О), азот (N), фосфор (Р), ва сера (S) цIакъго-цIакъ гIемер ратун руго. Нусил бутIаялдаса ункъоялда анцIила щуго бутIа батун буго гьаб анлъалдасангоги чорхол тканазулъ. Гьелго элементал ратун руго ракьул гIаламатазулъги. Гьелъ баянлъана инсан хIарщудаса вижарав вукIин. Аллагьас КъурЪаналда абулеб буго (магIна): «РакIалде щва нужер БетIергьанас малаикзабазде абураб: *«Дун вуго хIатIалдаса инсан вижулев»*, - ан (38-абилеб сура, аят 71).

ХIабиб МУХIАМАДОВ
«Х1акъикъат» газеталдаса босараб (№53 от 24.12.2020 с.)

*(хадусеб букIине буго)*

# ТIолгороссиялЪул халкЪалЪул хЪвай-хЪвай

Лъалеб букIахъе, ТIолгороссиялъул халкъалъул хъвай-хъвай (перепись) цо чанго нухалда нахъбахъана. Гьелъие гIилла лъаларев чиги нилъеда гьоркьов ватиларо.

Гьеб тадбир тIобитIиялъулъ лъугьарал ва лъугьине ругел хиса - басиязул хIакъалъулъ СМИяздасан лъазабунги букIана.

Гьале, гьеб тадбир тIобитIиялъе гьанже бихьизабун буго цоги болжал. Гьеб тIобитIизе буго гьаб соналъул 15 октябралдаса 14 ноябралде гIунтIун. Улкаялъул тIаде ине, хьвадиялъе захIматал бакIаздайин абуни, гьеб халатбахъине буго 20 декабралде щвезегIан.

Хъвай-хъвай гьабиялда сверухъ ккарал хиса-басиязул хIакъалъулъ хъван буго хIукуматалъул председатель М. Мишустинил хIукмуялда (№ 1347 16. 08. 2021 с.).

Хъвай - хъваялъул тIанчал жидецаго цIезаризе бегьула пачалихъиял хъулухъазул Порталалда (Интернет). Улкаялъул халкъалъул хъвай-хъвай гьабиялъул социалиябгун экономикияб рахъ цебетIеялъе, гьеб тIобитIизе кколеб заман цIуниялъе (10 сон), ккарал хиса-басиял лъазариялъе ва гь.ц. тIатинабиялъе бугеб кIваралъул хIакъалъулъ нижеца цебеги хъван букIана ва гьеб такрар гьабизе ккеларо.

Гьеб кIвар цIикIкIараб тадбир тIобитIиялъе гьанжеялдасаго хIадурлъулел руго. Къабул гьарун руго хъвай-хъвай гьабиялъе тIанчал хIадуриялъул формаби, гьеб тIубаялъул гIадамазул списокал, бакI-бакIазде щвезаруна электронниял планшетал ва гь.ц.

ТIадехун рехсараб (жидецаго хъвай-хъваялъул электронниял тIанчал цIезари) ккола цIияб ва цебехун букIинчIеб къагIидалъун.

Хъвай-хъвай гьабулел гIадамаз гьелъие хIалтIизаризе руго хасаб программаялъул планшетал.

Гьединго, хъвай-хъвай гьабизе ине бегьула МФЦялдеги.

Гьеб кампаниялъул цересел хIасилал гьаризе руго 2022 соналъул апрелалда, тIубарал гьел цере рахъизе къотIи буго 2022 соналъул ункъабилеб кварталалда.

ГI. САДЫКЪАЕВ,
Дагъстаталъул специалист

# ОМВД сообщает...

## Акция «Помоги пойти учиться»

Совсем скоро заканчиваются летние каникулы, и дети пойдут в школу. В преддверии начала нового учебного года (2021-2022 гг.) в нашем районе проводится акция «Помоги пойти учиться».

Основными задачами проводимой акции являются:
-выявление лиц, не посещающих образовательные учреждения.
-обеспечение занятостью несовершеннолетних учебой.1
-проверка детей из малообеспеченных и неблагополучных семей на предмет их готовности к началу нового учебного года.
-установление обстоятельств, способствующих несвоевременному посещению образовательных учреждений детьми.

Данная работа будет проводиться в тесном взаимодействии с представителями органов исполнительной власти и местного самоуправления, также с представителями учреждений, ведомств системы профилактики безнадзорности и правонарушений среди несовершеннолетних.

Памятка для родителей.

Родители имеют право и обязаны воспитывать своих детей. Преимущественное право на обучение и воспитание своих детей перед всеми другими лицами имеют родители.

Также родители обязаны обеспечить получение детьми общего образования.

За неисполнение своих родительских обязанностей по воспитанию, содержанию и обучению своих несовершеннолетних детей, родители (опекуны) подлежат административной ответственности по ст. 5.35 КоАП РФ «Неисполнение родителями или иными законными представителями несовершеннолетних обязанностей по содержанию и воспитанию несовершеннолетних»

ОМВД района объявляет о приёме на службу в отдел мужчин и женщин для замещения вакантных должностей психолога и главного бухгалтера (стаж по специальности не менее 3-х лет).

**Требования к кандидатам:**
- гражданство РФ;
- возраст до 40 лет;
- образование – высшее (профильное);
- прошедшие военную службу в вооружённых силах РФ (для мужчин);
- способные по своей физической подготовке, состоянию здоровья, психологическому состоянию выполнять возложенные на сотрудника органов внутренних дел РФ;
- не привлекавшиеся к административной и уголовной ответственности, в том числе и близкие родственники кандидата;
- желательно проживающие на территории района.

Сотруднику предоставляется:
- стабильная и своевременная заработная плата;
- обязательное государственное страхование жизни и здоровья;
- бесплатное медицинское обслуживание в мед. учреждениях МВД;
- обеспечение форменным обмундированием;
- льготные путёвки в санатории МВД;
- ежегодный оплачиваемый отпуск;
- возможность получения средне-профессионального и высшего образования в учебных организациях МВД России.

Собеседование с гражданами, претендующими на службу в ОМВД района проводит руководитель группы по работе с личным составом подполковник Исаев Рустам Ахмедович (ежедневно, с десяти утра до шести вечера) по адресу: РД, с. Дылым, ул. 20-летия Народного ополчения, 1. Телефон для справок: 89884489222.

При себе иметь документ, удостоверяющий личность (паспорт), военный билет, диплом (аттестат) об окончании учебного заведения, трудовую книжку (при наличии стажа работы).

## Зигараби

«Чапар» газеталъул хIалтIухъабаз, штаталда гьечIел мухбирзабаз, гъваридаб пашманлъиялда, зигара балеб буго МухIамадбег Абулаевасда ва тIолалго гIага- божаразда, вас

**Ибрагьим**

Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.
Аллагьас гьев иманалда тIовитIун ватаги.

Гуни росдал гимназиялъул мугIалимзабазулгун техническиял хIалтIухъабазул коллективалъ зигара балеб буго МухIамадбег Абулаевасда ва гIага-божаразда, вас

**Ибрагьим**

гIумруялдаса ватIалъиялда бан.
Аллагьас гьесул мунагьал чураги.

БетIерав редактор: И.Б.Салимханов 55-48-94
Заместитель: Д.ХI. ГIабдулахIитова
Жавабияв секретарь: М.-Ш.Э. ГIабдулашимов

Мухбирзаби: Ибрагьим Идрисов, Динара Батиева, Асият Дибирова
Набор: Меседо ХIайбаева
Верстка: Марьям АтавхIажиева, Зайнап ГIабдулмуслимова

Газета бахъизе байбихьана 1933 соналъул 15 апрелалда

Типографиялъул адрес: 367032, РД МахIачхъала шагьар Насрудиновасул къватI №61

Газета хIадур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде къураб заман 16.00 ХIакъикъаталда печаталде къураб заман 16.00

Учредитель: администрация МР "Казбековский район" Редакциялъул(издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140, Индекс: 51354 Тираж 1205, багьа - эркенаб

Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас къола